



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 1/6/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

6YÈM PWOPOZISYON AJANDA 2016 GOUVÈNÈ CUOMO: TRANSFÒME PENN STATION AK BILDING LAPÒS FARLEY AN YON SANT TRANSPÒTASYON NIVO MONDYAL

Patenarya piblik-prive san parèy pou akselere pwojè a peprè \$3 milya

Yo te voye demann bay devlopè yo semèn sa, ki gen delè pou retounen yo nan 90 jou; demaraj la vize pou ane sa

Prezantasyon Gouvènè a, enkli kontrandi konseptyèl, disponib [La](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te devwale sizyèm siyati pwopozisyon ajanda 2016 li a: transfòmè Penn Station ak Biwo Postal istorik James A. Farley an yon sant transfòmasyon nivo mondyal. Pwojè a, ki konnen tankou Empire Station Complex, ap prezante amelyorasyon enpòtan pasaje, enkli ekipman premye klas, limyè natirèl, ogmante kapasite tren ak diminye konjesyon, epi amelyore siyalizasyon pou konsiderableman amelyore eksperyans vwayaj. Pwojè a– ki antisipe pou koute \$3 milya – ap akselere pa yon patenarya piblik-prive nan fason pou demare ane sa ak pou acheve konstriksyon konplè a nan twa pwochen ane yo.

Penn Station orijinal la te premye ouvè nan ane 1910, e zòn souteren li yo toujou rete nan sèvis depi lè sa. Nan fòm aktyèl li, estasyon an fèt pou akomode 200,000 pasaje chak jou. An pratik, se estasyon tren ki pi frekante nan Amerik di Nò, li desèvi plis pase 650,000 pasaje chak jou, e li karakterize pa konjesyon pyeton toupatou ak etablisman yo ki demode. Pwopozisyon Gouvènè a ap adrese enpèfeksyon aktyèl yo epi transfòmè etablisman an an yon anblèm pasaj modèn nan New York ki anmezi pou reponn a demann pasaje kap ogmante nan 21^{yèm} syèk la.

“Penn Station se sant rezo transpòtasyon ak ekonomi New York, men li te demode, gen twòp moun, e li pa reponn a estanda Empire State pandan twò lontan,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Nou vle bati Penn Station pou l pi bon pase jan li te ye anvan, e se egzakteman sa nou pral fè. Pwopozisyon sa ap transfòmè fondamantalman Penn Station pou 21yèm syèk la, e nou kontan pou nou fè pwojè sa ale delavan nan jou kap vini yo.”

Gouvènè a te diskite pwopozisyon Empire Station an nan yon aktivite jodia nan Madison Square Garden – ou ka jwenn prezantasyon aktivite a [la](#). Pwopozisyon an dekri anba:

Redevlopman Penn Station: Etablisman Penn Station aktyèl la, ki anba Madison Square Garden epi ant 7^{yèm} ak 8^{yèm} Ave, ap renove konsiderableman. Pwojè a ap elaji koridò aktyèl yo, rekonfigire zòn datant ak tikè yo, amelyore koneksyon ant nivo ki pi ba yo ak nivo lari a, pote limyè natirèl nan etablisman an, amelyore siyalizasyon, senplifye navigasyon epi redwi konjesyon, ak elaji ak renove espas òf andetay ak amenajman pou pasaje yo sou tout nivo yo nan estasyon an. Nouvo estasyon an ap gen ladan Wi-Fi, tablo enfòmasyon tren modènize epi senplifye pwosesis tikè.

Yap konsidere plizyè altènatif konsepsyon, enkli gwo renovasyon eksteryè ki enplike 33^{yèm} street, 7^{yèm} ave, 8^{yèm} ave, ak/oswa Teyat Madison Square Garden. Wap jwenn kontrandi tout opsyon sa yo disponib nan prezantasyon Gouvènè a [la](#).

Redevlopman Biwo Lapòs Farley: Nan kad pwopozisyon Gouvènè a, Biwo Postal Farley, ki chita nan 8yèm Ave apati Penn Station, ap redevlope an yon sal tren modèn pou Amtrak, nouvo sal tren an, avèk sèvis pou pasaje yo nan chemendefè Long Island Rail Road, New Jersey Transit ak nouvo Air Train nan Ayewopò LaGuardia. Sal tren an ap relye avèk Penn Station atravè yon antre pou pyeton anbatè, epi ogmante gwosè estasyon an pa 50 pousan. Nan 210,000 pye kare, sal tren an ap apeprè ekivalan nan gwosè sal prensipal nan Tèminal Grand Central. Nouvo etablisman an ap ofri plis espas datant ak espas sikilasyon, enkli espas lavant andetay ak ekipman modèn tankou Wi-Fi ak tikè dijital e lap prezante 30 nouvo eskalye woulan, asansè ak eskalye pou akselere kantite pasaje. Pwopozisyon Gouvènè a mande tou pou yon konsepsyon achitekti anblematik ki enèji-efikas.

Wap jwenn yon kontrandi sou pati enteryè sal tren ki pwopoze a disponib [la](#).

Patenarya Piblik-Prive: Re-amenajman similtane yo ap avanse pa yon patenarya piblik-prive sou yon echèl san parèy, lakoz nan estasyon klas mondyal, global ak entè-konekte. Eta pibliye demann pou devlopè yo (ki posede Biwo Lapòs Farley) e Amtrak (posede Penn Station) semèn sa a. Delè pou repons yo se nan 90 jou.

Depans konstriksyon an prevwa pou l depase \$3 milya, enkli \$2 milya pou redevlope Farley ak Penn an yon sant transpòtasyon nivo mondyal e omwen \$1 milya pou devlopman komèsyal oksilyè ant 7yèm ak 9yèm ave. \$325 milyon nan sa ap soti nan sous gouvènman enkli USDOT, Port Authority ak Amtrak. Preske tout travay la ap finanse pa investisman prive, an echanj pou yon patisipasyon nan kouran revni alontèm ki jenere pa lwaye komèsyal ak andetay.

Pandan ane yo piblik la te rete tann pou renovasyon enfrastrikti enpòtan sa, travay la ap akselre, e achèvmman prevwa pou l fini nan pwochen twazan yo, e ouvèti Farley anvan redevlopman Estasyon Penn lan fini. Egzaminasyon anviwonmantal Eta ak federal te deja fini sou plan redevlopman pou bilding Farley a, elimine yon gwo obstak epi pozisyon pwojè a pou travay kòmanse.

Re-devlopman an ap bati sou travay ki deja ankou anba bilding Farley a, kote

konstriksyon gwo sal ki pi ba ak koneksyon anbatè nan estasyon tren ak Penn Station sou bidjè ak nan orè, pou fini nan otòn 2016. Avèk estrikti annasye ki te fini nan janvye 2015, plis pase 300 travayè kounye a sou plas chak jou ekipe nouvo amenajman vwayaj pasaje nan lwès 8yèm Aveni an preparasyon pou pwochen ouvèti l nan otòn lan. Renovasyon nan Penn Station ak redevlopman nan bilding Farley a prevwa pou kòmanse apre travay sa fini.

Nouvo konplèks la ap depoze tou fondasyon pou yon elajisman apwofondi nan pati sid, konekte nan pwojè Gateway a.

Prezidan Amtrak ak PDG Joseph Boardman te deklare: “Amtrak apresye lidèchip Gouvènè Cuomo, vizyon ak angajman nan ekspansyon kapasite pasaje tren isit la nan New York. Nou fyè paske nou te travay etwatman avèk Gouvènè a, Empire State Development Corporation ansanm avèk lòt moun nan ekip li a pou ede kondwi yon renesans tren nan Manhattan. Avèk devlopman estasyon Moynihan station kòm nouvo sal tren Amtrak ak pouswit amelyorasyon Penn Station pou plizyè santèn milye pasaje kap itilize chak jou etablisman nou an, nap fè preparasyon pou pwochen ekspansyon sèvis tren ak pasaje ki pral posib nan Pwogram Gateway a.”

Senatè Brad Hoylman te deklare: “Daprè pwopozisyon anbisyè Gouvènè Cuomo pou transfòme Estasyon Moynihan an yon sant transpòtasyon modèn, vwayajè yo pap bezwen gonfle ankò nan gwo vil nou an tankou rat, tankou kritik achitekti Yale Vincent Scully memorableman te ekri apre demolisyon ansyen Penn Station nan 1963. Non sèlman plan Gouvènè a ap korije defo istorik sa epi kreye yon estasyon tren ki merite vil lap desèvi a, men yon nouvo estasyon Moynihan ap yon kle pou devlopman ekonomik nan tout rejyon Metro a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou vizyon anbisyè l pou redevlope Moynihan e mwen enpasyon pou m travay avèk li pou fè sa vini yon reyalyte.”

Senatè Adriano Espaillat te deklare: “Penn Station gen bezwen pou yon redevlopman konplè e plan Gouvènè Andrew Cuomo pou modènize tèminal enpòtan sa an yon sant transpòtasyon 21yèm syèk se vrè apwòch la. Mwen enpasyon pou m travay avèk Gouvènè a pou pote yon pi bon eksperyans pou plizyè santèn Nouyòkè kap itilize Penn Station chak jou. Mwen kontan anpil paske mwen wè pwojè sa nan bon direksyon.”

Manm Asanble Richard N. Gottfried: “Mwen akeyi efò Gouvènè Cuomo paske lap fè pwojè sa avanse ankò. Redevlopman Penn Station ak Moynihan ekstra-òdinèman konplèks, alafwa fizikman ak òganizasyonèl. Li pral gen konsekans enpòtan sou zòn ozalantou yo, enkli trafik veyikil ak pyeton ak itilizasyon tè yo. Anplis de tout antite transpòtasyon ki sou plas, li enpòtan ke kominote awwazinan ak vil la patisipe aktivman nan planifikasyon an.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418